# Jaayante naa ak Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ci seede ne amul kenn ku ñu war a jaamu ku dul Yàlla ak ne Muhammat ndawul Yàlla la, ak taxawal julli, ak joxe asaka, ak dégg ak topp, ak laabire bépp jullit

Jële nañu ci Jariir Ibn Abdullah-yal na ko Yàlla dollee gërëm-mu wax ne: Jaayante naa ak Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ci seede ne amul kenn ku ñu war a jaamu ku dul Yàlla ak ne Muhammat ndawul Yàlla la, ak taxawal julli, ak joxe asaka, ak dégg ak topp, ak laabire bépp jullit.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Sahaaba bii di Jariir Ibn Abdullah -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne moom dafa kollarante ak Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ci Tawhiid ak di jooxe julliy juróom yi ñu farataal ci bis bi ak ci guddi gi, ci ay sàrtam ak i ponkam, ak i wareefam, ak i sunnaam, ak ci joxe asaka, mu nekk ag jaamu gu aju ci alal nekk lu war, dees koy jële ci way-woomal yi jox ko ñi ko yayoo ci way-ñàkk yi ak ñeneen, kollarante ak moom it topp ñi jiite mbir yi, ak di laabire bépp jullit, loolu nag ngir xér ci jariñ ko, ak eggale yiw ci moom, ak jeñal ko lor ci wax ak jëf.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee